

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif, lantaran analisis datana ngagunakeun statistika. Métodena déskriptif, sabab dina ieu panalungtikan téh bakal ngadéskrripsikeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda. Ieu hal luyu jeung pamanggih Sugiyono (2015, kc. 112) nu nétélakeun yén métode déskriptif nyaéta métode anu dipaké pikeun ngadéskrripsikeun hiji fénoména anu tangtu.

3.2 Partisipan

Partisipan dina ieu panalungtikan nyaéta ayana nilai peserta didik jeung hasil *expert judgment* anu dijadikeun data. Ieu data dipaké pikeun meunangkeun sampel nilai dina penilaian atawa dina *asesmen* sumatif ogé formatif. Sabada meunangkeun data peserta didik jeung hasil dina *expert judgment*, bisa diuji coba naha *asesmen* anu dilaksanakeun téh geus cocog jeung bisa dijadikeun modél *asesmen* dina pangajaran basa Sunda atawa henteu.

3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta guru basa Sunda jeung peserta didik kelas X fase E, XI fase F, jeung XII fase F lanjutan di SMAN 1 Ciranjang. Data dina ieu panalungtikan nyaéta soal formatif jeung soal sumatif dina pangajaran basa Sunda, anu diujicobakeun di sakola. Hartina, data anu dilaksanakeun nalika diajar di kelas jeung hasil *asesmen* sumatif ahir semester hiji taun ajar 2023/2024.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumén anu digunakeun, sabab data diperlukeun pikeun ngajawab patalékan panalungtikan. Hal éta luyu jeung pamadegan Sugiyono (2015, kc. 148) anu nétélakeun yén

instrumén panalungtikan mangrupa hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur fenomena alam atawa sosial anu ditalungtik.

Instrumén tina ieu panalungtikan nyaéta: 1) format analisis *asesmen* anu engkena bisa jadi bahan modél *asesmen* formatif jeung sumatif di SMAN 1 Ciranjang; sarta 2) *expert judgment* ngeunaan cocog henteuna *asesmen* anu dilarapkeun.

Instrumén anu séjénna, nyaéta tés sacara langsung ka peserta didik nalika nguji coba modél anu geus dijieun. Tés dilaksanakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh anu dipiboga ku individu (Arikunto, 2006, kc. 150). Wangun tés anu digunakeun nyaéta tés tulis jeung tés lisan. Satuluyna, sabada ayana hasil tina *asesmen* bisa dijieun modél *asesmen* anu puguh pikeun ngajaran basa Sunda.

Ieu di handap format validitasi jeung kritéria meunteun sacara *judgment*, anu digunakeun pikeun modél *asesmen* formatif matéri téks carita babad, aksara sunda, téks sajak, téks biantara jeung panata acara, téks carpon jeung novél, téks biografi jeung autobiografi, téks *puisi* dina sastra *lagu*, téks warta jeung artikel, téks wawacan, téks arguméntasi, jeung téks drama.

Tabél 3.1
Kritéria Meunteun sacara *Judgment*


No	Aspék anu dipeunteun	Skor	Kritéria skor
1	2	3	4
1.	Pituduh tés	4	Jelas pisan
		3	Jelas
		2	Kurang jelas
		1	Teu jelas
2.	Kajelasan ngeunaan matéri	4	Jelas pisan dina eusi matéri anu dijéntrékeun
		3	Jelas dina eusi matéri anu dijéntrékeun
		2	Kurang jelas dina eusi matéri anu dijéntrékeun
		1	Teu jelas dina eusi matéri anu dijéntrékeun
3.	Basa anu digunakeun	4	Bener pisan dina pamakéan basa
		3	Bener dina pamakéan basa
		2	Kurang bener dina pamakéan basa
		1	Teu bener dina pamakéan basa
4.	Tata tulis anu	4	Éjahanna bener pisan

No	Aspék anu dipeunteun	Skor	Kritéria skor
1	2	3	4
	dipaké	3	Éjahanna bener
		2	Éjahanna kurang bener
		1	Éjahanna teu bener
5.	Rubrik meunteun	4	Jéntré pisan
		3	Jéntré
		2	Kurang jéntré
		1	Teu jéntré
6.	Penilaian sacara umum	4	Cocog pisan pikeun dilarapkeun dina <i>asesmen</i> pangajaran
		3	Cocog pikeun dilarapkeun dina <i>asesmen</i> pangajaran
		2	Kurang cocog pikeun dilarapkeun dina <i>asesmen</i> pangajaran
		1	Teu cocog pikeun dilarapkeun dina <i>asesmen</i> pangajaran

(Sumber ti Prof. Dr. Usep Kuswari, M.Pd.)

3.5 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif anu ngagunakeun métode déskriptip. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1

Prosédur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosédur panalungtikan léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta saperti ieu di handap.

- b. Maluruh format *asesmen* formatif jeung sumatif pangajaran basa Sunda,
- c. Ngajieun kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif ogé sumatif pangajaran basa Sunda,
- d. Satuluyana uji coba kualitas modél *asesmen* formatif jeung sumatif pangajaran basa Sunda,
- e. Sabada uji coba, dituluykeun ku nangtukeun pedoman ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif pangajaran basa Sunda anu dilarapkeun di SMAN 1 Ciranjang.

3.6 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho format *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda, kisi-kisi jeung soal *asesmen* formatif ogé sumatif dina pangajaran basa Sunda, kualitas modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda, jeung ahirna bisa dijieun pedoman ngalaksanakeun modél *asesmen* formatif jeung sumatif dina pangajaran basa Sunda.

Dina nguji kualitas modél *asesmen* sumatif diperlukeun uji réalibilitas eusi butir soal jeung uji validitas eusi butir soal.

- a. Réliabilitas eusi butir soal

Nurutkeun Gronlund dina Nurgiyantoro (2016) réliabilitas nempo kana hasil anu aya ngaliwatan ujian atawa tés. Salian ti éta, réliabilitas miboga hubungan jeung hal-hal anu husus jeung teu bisa digeneralisasikeun pikeun sakumna kaayaan. Réliabilitas téh diperlukeun tapi teu ngajamin kacumponanna validitas. Lian ti éta, pikeun nyumponan atawa ngahontal validitas téh kudu nyumponan heula réliabilitas.

Jadi, bisa dicindekkeun yén réliabilitas téh salaku prasarat pikeun ngahontal validitas. Réliabilitas aya hubunganna jeung itungan dina statistika, jadi mikabutuh bukti skor tés. Aya sawatara cara dina ngaéstimasikeun réliabilitas pangukuran. Kahiji, aya réliabilitas ulang uji, kadua réliabilitas belah dua, katilu

réliabilitas rumus *Kuder-Richardson* 20 jeung 21, kaopat réliabilitas *alpha Cronbach*, anu pamungkas kalima réliabilitas bentuk paralel.

b. Validitas eusi butir soal

Nurutkeun Mardapi dina Nurgiyantoro (2016) anu disebut validitas téh mangrupa rojongan tina bukti jeung téori dina nganapsirkeun hasil tés anu saluyu jeung tujuan ngagunakeun éta tés. Dina validitas aya sababaraha jenis. Kahiji, validitas eusi anu hartina ngabuktikeun dumasar kana eusi soalna. Kadua, validitas konstruk anu aya hubunganna jeung konsep dina widang élmu nu bakal diuji validitas tésna. Katilu, validitas sajalan nyaéta uji tés anu dilaksanakeun, sangkan katitén bédana atawa naha aya robahna atawa henteu dina nguji soal. Kaopat, validitas prediktif anu aya sasaran jeung validitas sajalan nyaéta sarua nganapsirkeun kadar validitas anu dibandingkeun ngagunakeun kritéria anu séjén.

Salian tina jenis validitas, aya sawatara hal anu mangaruhan kana validitas, nyaéta aya faktor alat tésna, faktor ngalaksanakeun pangukuran jeung méré peunteun, jeung anu pamungkas aya faktor jawaban peserta tés (Nurgiyantoro, 2016).

Validitas anu digunakeun nyaéta ngagunakeun *expert judgement* jeung *Learning Management System (LMS)*. Hartina hasil tina panalungtikan dikonsultasikeun ka jalma anu dianggap ahli dina bidangna, anu satuluyna bisa jadi modél *asesmen* saupama *judgement* kana hasil asesmena alus tur luyu jeung kurikulum anu dilarapkeun. Upamana LMS mah geus sacara otomatis bisa dipaluruh kumaha analisis kualitas soal sacara daring atawa *online*.